EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
IF = 8.165 www.in-academy.uz




# PROBLEMS AND SOLUTIONS IN THE ACTIVITIES OF KOMSOMOL ORGANIZATIONS IN KARAKALPAKSTAN DURING 1965-1985

**Kenesbaev Otebay Joldasbaevich**
Assistant teacher of the Department of Languages and Humanities,
Faculty of Computer Science, Nukus State Technical University
Nukus City
https://doi.org/10.5281/zenodo.15562105

**ARTICLE INFO**
Received: 24th May 2025
Accepted: 30th May 2025
Online: 31st May 2025
**KEYWORDS**
*Karakalpakstan, Komsomol, youth policy, Soviet era, social problems.*

**ABSTRACT**
*During the Soviet era, the Komsomol organization played a significant role among major social movements in implementing decisive measures for working with youth. This article discusses the achievements of this youth organization as well as the solutions to the problems encountered in its activities.*

# 1965-1985 ЖЫЛЛАРДА ҚАРАҚАЛПАҚСТАН КОМСОМОЛ ШӨЛКЕМЛЕРИ ИСКЕРЛИГИНДЕГИ МАШҚАЛАЛАР ҲӘМ ШЕШИМЛЕР

**Кеңесбаев Өтебай Жолдасбаевич Нөкис қаласы**
Нөкис мамлекетлик техника университети Компьютер илимлери факультети
«Тиллер ҳәм гуманитар кафедрасы» ассистент оқытыўшысы
https://doi.org/10.5281/zenodo.15562105

**ARTICLE INFO**
Received: 24th May 2025
Accepted: 30th May 2025
Online: 31st May 2025
**KEYWORDS**
*Қарақалпақстан, комсомол, жаслар сиясаты, Совет дәўири, социаллық машқалалар.*

**ABSTRACT**
*Совет ҳәкимияты жыллары жаслар менен ислесиў мәселесинде шешиўши ис-илажларды әмелге асырыўда тийкарғы жәмийетлик ҳәрекетлер ишинде комсомол шөлкеминиң роли күшли болған. Мақалада усы жаслар уйымының искерлигиндеги жетискенликлер ҳәм машқалалар шешими хаққында сөз етиледи.*

Қарақалпақстан тарийхында 1965-1985 жыллар бүгинги күнге шекем қарама-қарсы пикирлерди пайда етпекте. Тарийхшы-алымлар усы дәўирдеги социаллық-экономикалық ҳәм мәдений тараўдағы белгили дәрежедеги жетискенликлерди атап отырып, «деген менен усы 20-30 жыл ишинде Қарақалпақстан бурынғы артта қалыўшылығынан үзип-жулқып алға шығып кете алмады. Оның социаллық-экономикалық раўажланыў дәрежеси басқа автономиялы республикалар ҳәм Өзбекстанның ўалаятлары менен салыстырғанда бурынғыдай төмен болды» деп көрсетеди [1].

Соның менен қатар усы процесслерде жәмийетлик шөлкемлердиң роли қандай болғанлығы хаққында онша көп айтылмайды. Егер совет дәўиринде жарық көрген

илимий мийнетлерди алып қарасақ, жәмийетлик шөлкемлерден тийкарынан комсомол, Ҳаял-қызлар Кеңеси ҳәм Кәсиплик аўқамлары көбирек тилге алынады.

Сол жыллары комсомол шөлкемлери өз жумысын 1962-жылы қабыл етилген жаңа Уставы тийкарында жумыс алып барып, партия системасында характерге ийе дүзилисине ийе еди. Партия уйымы комсомол жумысын қадағалап, оның басшыларын сайлаў тиккелей партияның жергиликли ҳәм орайдағы басшылары рухсаты менен әмелге асырылатуғын еди. Бул хаққында 1964-жылы Республикалық комсомол шөлкеминиң баслығы етип сайланған С.Қаниязовтың «Алтын жағыс» китабында баян етиледи: «1964-жылы февраль айында мени Өзбекстан ЦК комсомолына шақыртты. Секретары – Абдуллаева Рано Хабибовна. Ол: - «Москваға Орайлық комсомол мектебине оқыўға барасаң, - деди. Мен келисим бердим… Оқыўымыз питиўине он күн қалғанда Нөкистен обкомның екинши секретары Новицкийдиң атынан маған «Нөкиске тез жетиң!» деген телеграмма келди…Мен Нөкиске уштым. Самолеттен түстим де, Новицкийдиң алдына кирдим. Кабинетинде өзи, обкомның шөлкемлестириў бөлиминиң баслығы Лунёв, улыўма бөлимниң баслығы

Галихин, Өзбекстан ЦК-сы шөлкемлестириў бөлиминиң баслығы Орлов төртеўи отыр екен … Арадан еки-үш күн өткеннен кейин мени, Алымбайды (Примов), Сабитти (Равелев) ҳәм «Қуралпа» совхозының бас инженери – төртеўмизди Ташкентке, ЦК комсомолға жиберди. Ол жерде ҳәр тараў бойынша бизлер менен көриспеген, бизлер менен сөйлесиўлер өткермеген, ҳәр тәреплеме сын тәрезисине салып өлшемеген, бирде-бир тараў қалмады. Бундай елеўлердиң нәтийжесинде елгезерде тек еки түйир – мен ҳәм Алымбай Примов қалдық.

Екеўмизди Өзбекстан Орайлық партия комитетиниң бөлим баслығы Георгий Михайлович Орловтың қабыллаўына жиберди…» [2].

Солай етип, сол гезде комсомол шөлкеминиң басшысын тайынлаў Ташкент ҳәм Москва арқалы әмелге асырылып, жергиликли ҳәкимият тийкарғы жумысты идеологиялық шеңберлер тийкарында әмелге асыратуғын еди.

1960-жыллардың ортасында ағзалыққа қабыллаў массалық түрде әмелге асырыла баслады. Себеби комсомол шөлкеминиң искерлигиниң нәтийжелиги биринши гезекте сол қала ямаса районлағы комсомол жаслар санына байланыслы болды, сонлықтан ҳәр бир комсомол шөлкемииниң басшысы жумыстың сапасына емес, комсомолға жасларды тартыў исине тийкарғы итибар қаратты. Мысалы, 1967-жылға келип республикамызда комсомол жаслар саны 65312 адамға жетти, оның ишинде хаял-қызлар 43,2%-ти қурады. Салыстырып қарайтуғын болсақ, 1966-жылы комсомол жаслар саны республикамызда 263 адамға көп болған [3]. Қадағалаўшы совет-партия уйымлары буны жергиликли комсомол шөлкемилериниң жеткиликсиз жумыс алып барып атырғанлығы, жасларды коммунистлик руўхта тәрбиялаў исине немқурайлы қарап атырғанлығынан деп түсиндиреди. Сол тийкар, 1966-жылы комсомол шөлкеминиң областлық комитети Бюросында «Комсомол шөлкеминиң Нөкис қалалық комитетиниң ВЛКСМ қатарына қабыл етиў бойынша қанаатландырарсыз искерлиги хаққында» мәселе додаланып, сол Бюро ағзалары Утарбаев ҳәм Ситницкаялар комсомол қатарына жасларды таярлаў ҳәм қабыл етиў исин жетерли алып бармағанлары ушын қатаң ескертиў алады [4].

Бирақ комсомол жаслар қатары азайыўы даўам ете берди: 1967-жылы Қарақалпақстанда 860 комсомолдың бирлемши шөлкемлеринде 60510 ағза болып, олар 1 қалалық ҳәм 10 районлық комсомол шөлкемлерине бириктирилген еди [5], ал 1985-жылға келип, комсомол шөлкеминиң республикамыз бойлап 190078 ағзасы болған екен [6].

Бирақ жасларды комсомол қатарына тартыў олардың арасында машқала ҳәм талапларды шешип бермейтуғын еди. Ең баслы машқала – жаслардың дем алыў орынларының азлығы, ал хәрекет етип турған дем алыў ҳәм мазмунлы ўақыт өткериў мекемелериниң материаллық-техникалық базасының нашарлығы себеп болды. Мәселен, Нөкис қаласының өзинде жаслар ушын жәмийетлик-спорт шөлкемлери дүзилмеген, балалар ҳәм жас өспиримлер ушын кинотеатр болмаған. Жаслар өз бос ўақытын өткериў ушын клублар ҳәм кафелер де болмаған. Балалар китапханасы, мектептен тысқары балалар шөлкемлери (жас натуралистлер клубы, пионерлер ҳәм оқыўшылар үйи, балалар спорт мектеби, республикалық балалар туристлик-экскурсиялық станциясы) өз иморатларына ийе емес еди, сонлықтан ҳәр түрли кәрханалар қараслы тар бир-еки бөлмелерде жумыс алып баратуғын еди. Нәтийже де мектептен тысқары тәлим бериўши шөлкемлерде улыўма оқыўшылардың тек ғана 8%-и бул дөгереклерге тартылған [7]. Мектеплерде болса оқыўшылар саны көбейгенликтен сабақлар 2-3 сменада, гейде төрт сменада оқытылатуғын еди, сол себепли мектептен тысқары жумыслар улыўма алып барылмаған.

Екинши мәселе – бул жаслар арасындағы хуқықбузарлық ҳәм жынаят ислеўдиң алдын алыў еди. Ис-илажлар тийкарынан ҳәр түрли жыйналыслар өткериў ҳәм сәўбетлер арқалы әмелге асырылатуғын еди. Мәселен, 1969-жылға Қарақалпақстан комсомол обкомының республика бул бағдарда Ишки ислер министрлиги менен биргеликте алып барылатуғын ис-илажлар жобасына нәзер тасласақ, тийкарынан Нөкис қалалық ҳәм районларда комсомол активи менен ушырасып, ӨзССР Ишки ислер министрлигиниң 1969-жыл 16-апрельдеги «Ер жетпеген жас өспиримлер арасында қадағалаўсыз қалғанлар ҳәм жынаятшылықтың алдын алыў бойынша комсомол шөлкемлери ҳәм Ишки ислер министрлиги менен биргеликте жумыс алып барыўы хаққында»ғы қарарын додалаў, бул бойынша Мойнақ ҳәм Шымбай комсомол райкомының жумсысын тексериў, Нөкис ҳәм Төрткүл райкомының комсомоллық оперативлик топарлар жумысын қадағалаўын тексериў, комсомоллық оперативлик топарлардың командирлери менен инструктивлик семинар-совещание өткизиў, жаслар арасында хуқықый үгит-насият жумысын жетилистириў бойынша усыныслар ислеп шығыў ҳәм т.б. усындай жыйналыс, көргизбе, шөлкемлестириў қусаған жумысларды алып барыў режелистирилген [8]. Яғный, хуқықбузарлық ҳәм девиантлық минез-қулыққа қарсы комсомол шөлкеми оператив ҳәм әмелий ислер емес, бәлки жоқары совет-партия уйымлары сыяқлы, буйрық бериў ҳәм ҳәкимшилик ислерди алып барыўға салынып кеткен еди.

Нәтийжеде 1980-жылға келип жаслар арасындағы хуқықбузарлық ҳәм жынаятшылық дәрежеси өсип кетти. Ҳәттеки бул жағдай СССР Ишки ислер министрлиги тәрепинен айрықша қадағалаўына алынған. ҚҚАССР Ишки ислер министри У.Утемуратовтың баян етиўинше, «Хуқықбузарлыққа қарсы гүрестиң

күшейиўине қарамастан, автономиялы республикамызда ер жетпеген жаслар арасында хуқықбузарлық жағдайлары өсип кетти, кейинги ўақытлары Тахиаташ қаласында, Амиўдәрья, Бозатау, Кегейли, Ленинабад, Нөкис, Төркүл, Хожели, Шоманай районларында жас өспиримлер арасында жынаятшылық ислеў көбейип тур. Жоқарыда көрсетилген жағдайлар комсомол шөлкемлериниң жумыс алып барыў формалары хәм усыллары дәўир талабынан артта қалып қойғанлығын көрсетеди. Мектеплерде, профтехучилищелер хәм жасаў орынларында олар менен индивидуал ислесиў жүдә төмен. Хуқықбузарлықтың алдын алыў исинде жаслардың бос ўақытын мазмунлы өткериўин шөлкемлестириў үлкен әхмийетке ийе. Ашып айтатуғын болсақ, әмелий жақтан 15 жастан 18 жасқа шекемги жаслардың бос ўақтын өткериўи исин комсомол шөлкеми тәрепинен шөлкемлестирилиўи жүдә төмен жағдайда» [9].

Комсомол шөлкемлериниң унамлы искерлигиниң кѳриниси ретинде жаслар хәм жасөспиримлер арасында спорт жарысларын шөлкемлестириў жумысларын атап айтсақ болады. Спорт майданшаларының азлығы хәм спорт инвентарьларының жетиспеўшилигине қарамастан республикалық комсомол шөлкемлери өзиниң бирлемши уйымлары менен биргеликте Нөкис хәм районларда ири массалық спорт ойынларын шөлкемлестирген еди. Мәселен, 1960-шы жыллардың екинши ярымында республикамызда еки рет қызлар арасында Спартакиадасы, қала хәм район орталықларында көше жасөспиримлери арасында футбол бойынша «Былғары топ» турнири өткерилди. Қызлар арасындағы Спартакиада ойынлары үш басқыштан ибарат болып, 1970-жылы оның биринши басқышында 12 мың қыз, олардың ишинде 8 мыңнан асламы жергиликли миллет ўәкиллери еди [10].

Бирақ балаларды хәм жас өспиримлерди дене тәрбиясы хәм спорт пенен шуғылланыў ушын шарт-шараятлар улыўма жоқ еди. 1970-ши жыллары Қарақалпақстанда 4 балалар хәм жас өспиримлер спорт мектеби ислеп, олардың 20 бөлими болған. Тийкарынан спорт мектеплери Нөкис хәм Хожелидеги улыўма орта билим беретуғын мектеплердиң базасында жумыс алып барған, яғный, өзлериниң арнаўлы спорт заллары я имараты болмаған. Спорттың 15 түри бойынша 122 топарда 1847 балалар менен 47 тренер шуғылланған [11]. Тийкарынан бокс, волейбол, баскетбол, футбол хәм шахмат спорт түрлери раўажланған еди. Сол жыллары академиялық ескек есиў, фехтование хәм жүзиў бойынша секциялар ашылған еди.

Улыўма алғанда, 1965-1985 жыллары Қарақалпақстан комсомол шөлкеми жаслар арасында бирқатар әмелий жумысларды алып барған. Жаслар менен ислесиў, жаслар арасында хуқықбузарлықтың алдын алыў, саламат турмыс тәрзин кең үгит-нәсиятлаў әмелиятындағы машқалалар хәм шешимлер нәтийжелиги бүгинги күнде де өз әхмийетин жойытқан жоқ.

## References:

1. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. – Нөкис, 2003. 231-б.
2. Қаниязов С. Алтын жағыс. Мемуар. – Нөкис, 2006. 77-82 бб.
3. ҚР ОМА, ф. 549, 1-китап, 1701-ис, 246-б.
4. ҚР ОМА, ф. 549, 1-китап, 1701-ис, 252-б.
5. ҚР ОМА, ф. 549, 1-китап, 1729-ис, 4-б.

6. ҚР ОМА, ф. 549, 1-китап, 4278-ис, 1-2 бб.
7. ҚР ОМА, ф. 549, 1-китап, 1702-ис, 12-б.
8. ҚР ОМА, ф. 549, 1-китап, 2006-ис, 1-3 бб.
9. ҚР ОМА, ф. 549, 1-китап, 3489-ис, 17-20 бб.
10. ҚР ОМА, ф. 549, 1-китап, 2078-ис, 5-б.
11. ҚР ОМА, ф. Р-551, 55-китап, 94-ис, 1-б.